



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 1/8/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

8YÈM PWOPOZISYON AJANDA 2016 GOUVÈNÈ A: POTE MTA NAN 21YÈM SYÈK LA POU KONSIDERABLEMAN AMELYORE EKSPERYANS VWAYAJ POU PLIZYÈ NOUYÒKÈ AK VIZITÈ

Nouvo, apwòch rapid pou redevlopman estasyon an nan akselere renovasyon transfòmasyon nan 30 estasyon nan sistèm lan epi koupe delè travay la pa plis pase 50 pousan

Delè Akselere pou sèvis Wi-Fi: Toulè 278 estasyon tren anbatè yo ap gen sèvis Wi-Fi nan fen ane 2016

Yo ofri tikè mobil sou LIRR ak Metro-North nan lespas sis mwa; estasyon tren ak bis ap itilize peman san kontak nan 2018 – kontrandi grafik la disponib [la](#)

Deplwaman akselere delè a enfòmasyon tren nan tan reyèl, ak estasyon chaj nan estasyon tren yo, machin tren ak bis kontrandi grafik la disponib [la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te devwale wityèm siyati pwopozisyon ajanda 2016 li a: modènize epi fondamantalman transfòme Metropolitan Transportation Authority, konsiderableman chanje eksperyans vwayaj pou plizyè milyon Nouyòkè ansanm avèk vizitè yo nan rejyon metropoliten an.

Pwopozisyon Gouvènè a gen ladan yon nouvo apwòch pou rapidman rekonsevwa ak renove 30 estasyon tren ki egziste deja nan sistèm lan. Li gen ladan tou yon kantite inisyativ teknoloji pou pote sistèm lan nan 21yèm syèk la, enkli elaji Wi-Fi hotspots, akselere peman mobil ak tikè pou ranplase MetroCard, ak bay USB ports sou estasyon tren yo, bis ak nan estasyon yo pou pèmèt kliyan yo chaje aparèy mobil yo. Gouvènè a te detaye pwopozisyon sa nan yon aktivite bonè jodia nan Mize New York Transit nan Brooklyn, kote Prezidan MTA ak PDG Tom Prendergast te rejwenn li.

“MTA absoliman enpòtan nan fonksyon chak jou Vil New York, men pandan twò lontan li pat reponn a gwosè ansanm avèk pwen fò rejyon an,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Sa a se osijè pou fè plis pase senpleman repare ak antreyen– sa se osijè pou panse pi gran ak pi bon epi bati sistèm transpò 21yèm syèk Nouyòkè yo merite. Nap modènize MTA tankou jamè anvan epi amelyore l pou ane kap vini yo.”

“MTA angaje pou reponn a defi Gouvènè Cuomo, elimine chak inefikasite posib pou fè

amelyorasyon sa yo pi rapid, pi bon nan yon pri ki pi ba,” **Prezidan MTA ak PDG Thomas F. Prendergast** te deklare. “Nap akonpli sa lè nou entegre sijesyon Gouvènè a pou itilize metòd livrezon altènativ tankou konstriksyon-konsepsyon, ogmante espesyalite patenarya sektè prive, ak senplifye pwosesis acha pou asire ke tout MTA santrè sou delivre amelyorasyon pou moun yo ki konte sou nou chak jou.”

“Yon fwa ankò Gouvènè. Cuomo ap kanpe nan non pasaje ak travayè transpò yo,” **Transport Workers Union Local 100 Prezidan John Samuelson** te deklare. “Pwojè sa yo ap amelyore grandman deplasman pou pasaje yo e nou fyè paske nou anmezi pou n fè sa.”

Plis pase sis milyon moun monte tren Vil New York nan jou ki pi frekante li yo, e pwopozisyon Gouvènè a fèt pou pote amelyorasyon rapid nan eksperyans chak jou yo pandan lap amelyore yon sistèm ki gen plis pase santan. Pwopozisyon Gouvènè a entwodui nouvo inisyativ ki adapte a kliyan epi akselere pwojè ki egziste deja pou pote amelyorasyon ki enpòtan nan sistèm transpò a ke New York konte sou li.

Apwòch transfòmativ a redevlopman estasyon yo

MTA ap re-òganize direktiv pou estasyon tren yo amelyore aparans yo, epi mete yo anplas nan 30 estasyon nan tout sistèm lan sa ki pral renove konplètman. Estasyon sa yo ki pi pwòp, ak briyan ap pi fasil pou navige, avèk yon oryantasyon ki pi bon ak entwitif, ansanm avèk yon aparans modèn. Wap jwenn yon lis 30 estasyon sa yo disponib [la](#).

MTA ap itilize akizisyon konsepsyon-konstriksyon pou delivre pwojè sa yo pi rapid, nan yon pri ki pi ba e avèk pi bon kalite, kòm yon kontraktè inik ap responsab pou depans, orè ak pèfòmans lan. Yap fèmen estasyon yo pou bay kontraktè yo aksè san limit avèk yon atansyon inik— antre ladan, fè l epi fini.

Amelyorasyon menm jan ap fèt nan estasyon Richmond Valley sou chemendefè Staten Island, ak nan tout estasyon Arthur Kill kap ouvè nan fen ane sa ap gen ladan tou anpil nan eleman sa yo. Nouvo pwosesis sa yo ak inovasyon ap enfòme pwochen inovasyon nan estasyon yo sou chemendefè Long Island ak Metro-North egalman.

Travay sou majorite nan 30 estasyon sa yo ap fini nan 2018, e tout bagay ap fini nan 2020, avèk delè pou redevlopman apati kòmansman pou fini te redwi pa plis pase 50 pousan. An mwayèn, redevlopman estasyon yo prevwa pou pran ant sis ak 12 mwa. Konparativman, sou etap apwòch anvan, redevlopman estasyon yo konte sou fèmti lannwit ak wikenn te ka pran de a twazan pou fini konplètman.

Anbrase avni dijital

Pwopozisyon Gouvènè a anbrase tou inovasyon epi akselere deplwaman teknoloji modèn nan tout sistèm MTA a.

Sèvis telefòn pòtab ak Wi-Fi: Plis pase 140 estasyon tren anbatè deja gen telefòn pòtab, done ak sèvis Wi-Fi, e deplwaman ekipman popilè sa ap akselere kounye a. Tout 277 estasyon anbatè yo ap gen sèvis Wi-Fi nan fen ane 2016, ak telefòn pòtab ap disponib nan yo tout nan kòmansman ane kap vini an.

Peman Mobil ak metòd tikè: Pwopozisyon Gouvènè a akselere egalman pwosesis pou pote metòd peman mobil nan tren ak otobis yo, pèmèt pasaje yo peye pri vwayaj yo nan ajite yon telefòn pòtab, yon kat bank oswa yon lòt aparèy peman sou lektè san kontak. Sa ap modènize pwosesis peman an, kidonk kliyan yo ka monte bis yo epi pase atravè tounikè yo pi rapidman, ansanm avèk jere valè nan kont yo sou entènèt olye de kat fizik ka pèdi oswa andomaje. Tren ak bis yo ap kòmansman itilize metòd peman san kontak nan 2018.

MTA ap kòmansman ofri tikè mobil sou Long Island Rail Road ak Metro-North Railroad nan delè sis mwa e lap entwodui antyèman nan fen ane a, bay kliyan tren yo menm kapasite pou achte tikè sou aparèy mobil yo. Kliyan tren yo ki egalman ap monte tren ak bis yo ap anmezi pou peye pri tikè yo itilize yon aplikasyon inik ak yon kont transpò inik apati ane kap vini an.

Ólòj dekont ak done nan tan reyèl: Lòt amelyorasyon teknolojik te enkli nan pwopozisyon Gouvènè a ap enstale plis òlòj dekont epi bay done arive nan tan reyèl ak liy tren yo. Ólòj dekont yo te pwouve popilè sou liy tren 1, 2, 3, 4, 5, 6 ak L ansanm avèk navèt 42^{yèm} Street, e MTA ap kòmansman enstale yo ane sa sou liy 7 la ansanm avèk lèt metro yo. MTA ap akselere tou livrezon dat arive nan tan reyèl pou tout 469 estasyon tren yo, sa ki pral disponib sou aplikasyon MTA's SubwayTime e li pral difize kòm yon done enfòmasyon ouvè pou nenpòt devlopè itilize.

Inisyativ Teknoloji Adisyonèl: Pwopozisyon Gouvènè a ap amelyore egalman eksperyans kliyan nan machin tren ak otobis yo avèk ekran enfòmasyon dijital, Wi-Fi hotspots ak pòt chaj USB pou aparèy mobil yo. Yap enstale pò chajman sou 200 machin tren ak 400 ane pwochen, pandan ke tout nouvo bis yo te delivre nan fen ane sa ap genyen Wi-Fi hotspots. Nan 2018, kèk 1,500 bis ap gen Wi-Fi hotspots ak pò chajman USB, pote yon nouvo nivo koneksyon ak konvenyans pou kliyan yo. Yon pwogram pilòt pou enstale ekran enfòmasyon dijital sou 200 bis ap lanse tou ane sa, afiche enfòmasyon sou arè kap vini yo ak sèvis alèt yo.

MTA ane sa ap plis pase double sou kantite estasyon vwayaj On The Go, kyòs ekran pou manyen kap bay enfòmasyon sèvis nan tan reyèl, kat, planifikasyon vwayaj ak kondisyon asansè nan estasyon tren yo. Gen 169 Estasyon Vwayaj On The Go nan 31 estasyon tren jodia, ak yon lòt 190 ap ajoute nan plis pase 20 estasyon adisyonèl nan fen 2016. MTA ap deplwaye tou Help Points, aparèy komunikasyon enstantane ki bay liy dirèk pou asistans ijans ansanm avèk sèvis enfòmasyon, e yo gen yon baliz distenk limyè ble. Help Points yo deja enstale nan 250 estasyon tren e li pral ajoute nan omwen 130 lòt estasyon ane sa, avèk tout 469 estasyon yo prezante yo nan 2017.

Pou asire yon anviwonman ki ansekirite pou kliyan MTA yo, detekte konpòtman

inapwopriye ak ede pouswiv kriminel yo, plis kamera siveyans ap vini nan flòt MTA a. Tout nouvo bis yo ap delivre avèk kamera enstale, e bis ki egziste deja yo ap kontinye modènize. Nan fen Pwogram Kapital sa, 85 pousan nan flòt bis yo ap gen kamera siveyans ki enstale. MTA ap teste tou kamera siveyans nan machin tren yo pou premye fwa nan fen ane sa.

Kontinye devlopman ak amelyore

Inisyativ ki te anonse jodia bati sou efò enpòtan eta pou transfòme MTA ansanm avèk ensfrazstrikti l, tankou resan pwopozisyon Gouvènè a pou transfòme Penn Station ak bilding Biwo Lapòs Farley an yon, sant transpòtasyon klas mondyal entè-konekte, ak pou ale delavan yon ekstansyon LIRR ki te prevwa depi lontan. Anplis, eta ap kontribye \$8.3 milya pou ede finanse Pwogram Kapital \$26.1 MTA, sa ki lè li konbine avèk efò ki egziste deja ap ajoute plis pase 3,100 bis ak 1,400 machin tren nan sistèm lan, ajoute kat nouvo estasyon Metro-North nan zòn ki defavorize yo nan Bronx, kòmanse konstriksyon sou etann Dezyèm Avni Subway nan Lès Harlem, epi kontinye bati Aksè pati Lès pwojè a kidonk LIRR ap anmezi pou pote vwayajè yo nan Tèminal Grand Central.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418